



Al fè tè s depistaj:

**Al Gade Pou Ou Wè Si Ou Fè
Kansè Nan Gwo Trip Ou Pi
Bonè Posib**



Lè ou fè tè s depistaj la regilye ak suivi yo atan sa ka anpeche ou fè kansè nan gwo trip oswa sa ka pèmèt ou detekte l bonè.

Kansè nan gwo trip (oswa kansè kolorektal) devlope nan gwo enstesten (gwo trip) ak/oswa rektòm" epi l se dezyèm maladi ki lakòz moun



New York mouri prensipalman nan kansè. Erezman, tè s depistaj regilye a ka anpeche sa rive oswa l ka pèmèt ou dekouvi l bonè, moman kote

trètman yo souvan pi efikas la.

Gen plizyè fason ou ka fè despitaj pou kansè nan gwo trip. Kolonoskopi pèmèt pwofesyonèl swen sante yo detekte ak retire polip yo—oswa timè yo—nan gwo trip la oswa nan rektòm la pou yo ka anpeche kansè. Gen lòt fason (pa egzanp, tè s yo fè ak pou pou) mande pou genyen yon suivi kolonoskopi ki fèt pou moun tè s depistaj montre ki pozitif yo.

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou la konsènan chwa depistaj ou genyen yo.

Asire ou mande:

- Kilè lè m dwe kòmanse fè depistaj pou kansè nan gwo trip?
- Si genyen yon moun nan fanmi m ki te fè kansè nan gwo trip oswa ki te fè polip èske sa ogmante chans pou maladi a devlope lakay mwen tou? Èske m dwe al fè depistaj pi bonè pase lòt moun yo?
- Èske aprè kolonoskopi pa gen lòt opsyon depistaj m ka chwazi?
- Kijan m ap fè konnen ki opsyon depistaj ki bon pou mwen?
- Èske gen materyèl ki nan lang mwen k ap montre m kisa pou m fè tankou gid oswa feyè?
- Èske asirans mwen an peye pou depistaj kansè nan gwo trip mwen an?



Sonje fè suivi yo!

Lè ou fin fè tè s depistaj, mande pwofesyonèl swen sante ou la ki lè ou dwe fè lòt tè s depistaj pou kansè nan gwo trip la.



Pale ak pwofesyonèl swen sante ou la sou bagay ki ogmante chans pou maladi a devlope lakay ou.

Ou ka oblije kòmanse fè tès depistaj la bonè si ou genyen:



- Fanmi ou ki te fè kansè nan gwo trip oswa polip avan kansè
- Kèk maladi moun pran bò fanmi tankou polipoz adenomatez familyal (FAP, familial adenomatous polyposis) oswa kansè kolorektal moun pran bò fanmi ki pa gen polipoz (HNPCC, hereditary nonpolyposis colorectal cancer), yo rele l tou sendwòm Lynch
- Kolit ki gen ilsè oswa maladi Crohn

Ou ka yon moun ki plis gen chans pou maladi a devlope lakay li tou si ou se yon moun ki:

- Gen twòp pwa
- Te konn fimen

Gen lòt fason ou ka redui chans pou maladi a devlope lakay ou:

- Kite pwa ou nan yon nivo ki bon pou sante ou epi fè aktivite fizik regilyèman.
- Pa manje anpil vyann yo transfòmè (pa egzanp, janbon, òtdòg, vyann frèt).
- Si ou konn fimen, aranje ou pou ou ka sispann fè sa. Si ou bezwen èd pou ou ka sispann fimen, rele nan **311** oswa ale sou sit [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) la epi chèche **NYC Quits (Sispann fimen NYC)**.
- Lè ou bwè alkòl sa ka ogmante chans pou kansè nan gwo trip la devlope lakay ou. Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche **alcohol and health (alkòl ak sante)** pou ou kapab jwen plis enfòmasyon toujou.



Pou ou ka jwenn plis enfòmasyon toujou, ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) la epi chèche **colon cancer (kansè nan gwo trip).**



Etap Ou Dwe Suiv Pou Ou Ka Fè Depistaj Pou Kansè Nan Gwo Trip

PREMYE ETAP



Ale Fè Asirans

Si ou pa gen asirans sante, ou ka jwenn èd gratis dirèkteman, pou ou ka enskri nan yon plan: rele nan **311** oswa voye yon mesaj tèks bay CoveredNYC nan 877877.

Si ou pa ka jwenn asirans, oswa si asirans ou genyen an pa peye pou tès depistaj la, ou gen lòt opsyon. Ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **colon cancer (kansè nan gwo trip)** pou ou kapab konn plis bagay toujou sou tès depistaj ki gratis oswa tès depistaj bon mache.*

DEZYÈM ETAP



Pale ak Pwofesyonèl Swen Sante Ou la

Poze pwofesyonèl swen sante ou la kesyon sou:

- Chans ou genyen pèsònèlman pou kansè nan gwo trip la devlope lakay ou
- Opsyon tès despistaj ou genyen yo, ansanm ak pwosesis la, avantaj ak enkonvenyan chak opsyon genyen

TWAZYÈM ETAP



Al Fè Tès Depistaj la ak Suivi yo

Lè ou fè tès depistaj la ak suivi yo atan sa ka anpeche ou fè kansè nan gwo trip oswa sa ka pèmèt ou detekte l bonè. Asire ou poze pwofesyonèl swen sante ou la kesyon sou ki lè ou dwe al fè tès depistaj la ankò.

Pifò plan asirans yo, ansanm ak ni Medicaid ni Medicare, peye tès depistaj kansè nan gwo trip pou moun apati 50 lane. Si ou genyen ant 45 ak 49 lane, asirans pou tès depistaj la varye. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou la sou chans ou genyen pou kansè nan gwo trip la devlope lakay ou epi pale ak konpayi asirans ou an sou asirans lan anvan ou fè tès depistaj ou a.

Adrès Kote Yo Fè Tès Depistaj ni Gratis ni Bon Mache

Kontakte lokal yo pou ou ka konnen si ou kalifye.

BRONX

NYC Health + Hospitals/Jacobi **PN**

1400 Pelham Parkway South
Bronx, NY 10461
718-918-5000

NYC Health + Hospitals/Lincoln **PN**

234 E. 149th St.
Bronx, NY 10451
718-579-5000

NYC Health + Hospitals/North Central Bronx **PN**

3424 Kossuth Ave.
Bronx, NY 10467
718-918-5700

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Morrisania **CCP**

1225 Gerard Ave.
Bronx, NY 10452
718-960-2777

Pwogram **Oryantasyon pou Pasyan (PN, Patient Navigator)** gide pasyan yo nan pwosesis tès depistaj la epi l'ede yo jwenn swen.

Pwojè Swen Kominotè, Patenè Swen Prensipal (**CCP, Community Cares Project Primary Care Partner**) fè tès depistaj kolonoskopi gratis pou pasyan ki pa gen asirans pwofesyonèl k ap bay premye swen refere ba l.

BROOKLYN

NYC Health + Hospitals/Coney Island **PN**

2601 Ocean Parkway
Brooklyn, NY 11235
718-616-3000

NYC Health + Hospitals/Kings County **PN CCP**

451 Clarkson Ave.
Brooklyn, NY 11203
718-245-3131

NYC Health + Hospitals/Woodhull **PN**

760 Broadway
Brooklyn, NY 11206
718-963-8000

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Cumberland **CCP**

100 N. Portland Ave.
Brooklyn, NY 11205
718-260-7500

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, East New York **CCP**

2094 Pitkin Ave.
Brooklyn, NY 11207
718-240-0400

Adrès Kote Yo Fè Tès Depistaj ni Gratis ni Bon Mache

Kontakte lokal yo pou ou ka konnen si ou kalifye.

MANHATTAN

NYC Health + Hospitals/Bellevue **PN**

462 First Ave.
New York, NY 10016
212-562-5555

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Gouverneur **CCP**

227 Madison St.
New York, NY 10002
212-238-7897

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Sydenham **CCP**

264 W. 118th St.
New York, NY 10026
212-932-6500

QUEENS

NYC Health + Hospitals/Elmhurst

79-01 Broadway
Elmhurst, NY 11373
718-334-4000

NYC Health + Hospitals/Queens **PN CCP**

82-68 164th St.
Jamaica, NY 11432
718-883-3000

NYC Health + Hospitals/Parsons **CCP**

90-37 Parsons Blvd.
Jamaica, NY 11432
718-334-6400

STATEN ISLAND

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Vanderbilt

165 Vanderbilt Ave.
Staten Island, NY 10304
844-692-4692

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Mariner's Harbor

2040 Forest Ave.
Staten Island, NY 10303
718-266-6328

Pwogram **Oryantasyon pou Pasyan (PN, Patient Navigator)** gide pasyan yo nan pwosesis tès depistaj la epi l ede yo jwenn swen.

Pwojè Swen Kominotè, Patenè Swen Prensipal(**CCP, Community Cares Project Primary Care Partner**) fè tès depistaj kolonoskopi gratis pou pasyan ki pa gen asirans pwofesyonèl k ap bay premye swen refere ba l.